



AVI POU BOUYI DLO

DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014

*****FÈY ENFÒMASYON SOU TANPÈT TWOPIKAL/OURAGAN*****

Akòz inondasyon ak domaj (**insert name of storm**) lakòz, Depatman Sante Florida (DOH) fè sitwayen ki resevwa yon avi pou bouyi dlo konnen pou yo pran prekosyon kont dlo ki pa pwòp, sitou moun ki gen pui prive ki inonde yo. Si pui ou kouvri avèk dlo inondasyon, dlo pui ou ka gen òganis ki lakòz maladi, epi li ka pa bon pou bwè.

DOH rekòmande youn nan sa ki anba la yo pou mèt pui prive yo:

- Bouyi dlo a anvan ou itilize li, kite li bouyi anpil pandan omwen 1 minit anvan ou itilize li pou bwè, pou kwit manje, pou fè glas, pou bwose dan ou, oswa pou lave vesò ou; oswa
- Dezenfekte dlo a. Pou fè sa, mete 8 gout klowòks òdinè (apeprè 1/8 ti kiyè – sa ta pran yon fòm ki gen apeprè gwochè a pyès dis santim) ki pa gen odè (4 a 6 pouzan engredyan aktif) pou chak galon dlo, epi answit kite li ladan pandan 30 minit. Si dlo a twoub apre 30 minit, refè machaswiv la. Itilize yon vesò ki gen yon bouchon oswa yon kouvèti pou dezenfekte oswa pou konsève dlo pou itilize pou bwè. Sa ap anpeche dlo a kontamine; oswa
- Itilize dlo nan boutèy, sitou pou brase lèt an poud tibebe.

Apre inondasyon an kalme:

- Dezenfekte pui ou avèk machaswiv ki disponib nan depatman sante zòn ou oswa avèk machaswiv Depatman Sante bay sou Entènèt nan sitwèb <http://www.floridahealth.gov/healthy-environments/drinking-water/Flooded-wells.html>; epi
- Si sèvis la disponib, fè yo teste dlo ou nan depatman sante konte kote w ap viv la oswa nan yon laboratwa leta sètifye pou kapab fè yon analiz dlo pou bwè pou detekte bakteri kolifòm.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante konte kote w ap viv la, oswa konekte sou Entènèt nan sitwèb www.floridahealth.gov oswa nan www.floridadisaster.org.